# МЕҲРИЙБАНЛЫҚ ҮЙИНДЕ НАЎРЫЗ БАЙРАМЫ БОЛЫП ӨТТИ

Халқымыздың көп әсирлик миллий байрамы есапланған Наўрыз бүгинги күни республикамыздың барлық аўыл-аймақларында көтериңки кейпиятта карантин тәртип қағыйдаларын қатаң сақлаған ҳалда салтанатлы жағдайда белгиленбекте.

Image not found or type unknown

Усындай байрам салтанатлары Хожели районындағы Меҳрийбанлық үйинде де болып өтти. Байрам кешесине Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы Мурат Камалов қатнасты. Байрам салтанаты балалардың кеўлине өзгеше көтериңкилик бағышлады.

Image not found or type unknown

Көп жыллық тарийхқа ийе Наўрыз -шығыс халықларының жаңа жылы өзиниң жаңаланыўы, бәҳәр нәпесин баслап келиўи менен инсанлар жүрегине терең сиңип кеткени, ҳәр бир шаңараққа қуўаныш алып келиўи менен де әҳмийетли миллий байрам болып табылады.

Image not found or type unknown

Оқыӯшылар тәрепинен шөлкемлестирилген концерт бағдарламасы «Хош келдиң, Наўрыз!» атамасындағы композиция менен басланды. Меҳрийбанлық үйи тәрбияланыӯшылары атқарыўындағы  миллий қосық ҳәм аяқ ойынлар илажға жәнеде заўық бағышлады.